

REKLAMASYON PWOPRIYETÈ DEKLARASYON DWA



Deklarasyon Dwa Reklamasyon Pwopriyetè Kay la gen rapò ak pwosis reklamasyon asirans lan, epi li dekri dwa ak responsablite ou kòm yon moun ki gen asirans pwopriyetè kay, jan sa detaye nan s. 627.7142, Manman-Lwa Florida.

DWA OU YO

Konfòmeman ak Deklarasyon Dwa Reklamasyon Pwopriyetè Kay la, ou gen dwa sa yo kòm yon moun ki gen asirans pwopriyetè kay:

1. Konpayi asirans ou a dwe voye yon lèt pou rekonèt yo te resevwa reklamasyon asirans ou an nan 14 jou oswa pi piti apre ou soumèt reklamasyon an.
2. Nan 30 jou apre ou te soumèt yon Deklarasyon sou Prèv Prè konplè, si yo mande sa alekri, konpayi asirans ou a dwe voye konfimasyon ba ou ki di reklamasyon ou a garanti nèt, yo garanti yon pati ladann; yo refize li; oswa y ap mennen yon ankèt sou li.
3. Nan yon delè 90 jou apre ou soumèt reklamasyon an, ou dwe resevwa tout peman an nèt; peman ak pati yo pa konteste nan reklamasyon ou a; oswa yon desizyon refi alekri pou reklamasyon ou an. Si ou gen yon kreditè ipotèk oswa ki posede yon pati nan pwopriyete a, chèk peman reklamasyon an dwe fèt sou non yo tou.
4. Si reklamasyon ou an pa refize epi ou pa resevwa peman konplè pou reklamasyon ou oswa peman pòsyon enkontèstab nan reklamasyon ou lan nan lespas 90 jou apre yo fin ranpli reklamasyon ou lan, konpayi asirans ou an dwe peye ou enterè sou kantite lajan reklamasyon konplè oswa enkontèstab. Enterè a kòmanse akimile nan dat ou te ranpli reklamasyon ou lan ak kontinye akimile jiska dat lè konpayi asirans ou an fè peman pou reklamasyon an oswa pòsyon enkontèstab nan reklamasyon lan. Peman enterè a fini lè reklamasyon an peye oswa pòsyon enkontèstab nan reklamasyon lan peye.
5. Pou rezoud reklamasyon ou konteste a, ou ka kalifye pou patisipe nan yon medyasyon Divizyon Sèvis Konsomatè nan Depatman Sèvis Finans nan Florida ap jere. Ou p ap bezwen peye anyen pou patisipe nan pwogram nan.
6. Si reklamasyon ou an se yon dolin ki lakòz li epi kontra asirans ou a garanti li, ou ka an mezi pou patisipe nan yon evalyasyon san paspouki Divizyon Sèvis Konsomatè DFS la ap jere.

RESPONSABILITE OU YO

Konfòmeman ak Deklarasyon Dwa Reklamasyon Pwopriyete Kay la, ou gen responsabilite sa yo kòm yon moun ki gen asirans pwopriyete kay:

1. Depoze tout reklamasyon yo dirèkteman ak konpayi asirans ou an.
2. Kontakte konpayi asirans ou anvan ou siyen nenpòt kontra pou reparasyon pou asire ou konfòme ak dispozisyon konsènan reparasyon ki nan kontra asirans ou a.
3. Fè epi dokimante reparasyon ijans ki nesese pou evite plis domaj. Kenbe pwopriyete ki gen domaj la, si sa posib; kenbe tout resi yo; epi fè foto ak videyo domaj yo anvan ak aprè nenpòt reparasyon pou bay konpayi asirans ou an.
4. Li avèk atansyon nenpòt kontra ki egzije pou ou peye lajan nan pòch ou oswa yon frè ki baze sou yon pousantaj montan asirans la peye.
5. Konfime si antreprenè ou chwazi a gen lisans pou fè biznis nan Florida. Pou verifeye lisans yon antreprenè epi tcheke pou wè si gen nenpòt plent kont li, rele Depatman Kontwòl Biznis ak Pwofesyonèl Florida a nan **850.487.1395** oswa sou entènèt nan **www.MyFloridaLicense.com**. Ou ta dwe mande kontraktè a tou pou referans nan travay anvan an.
6. Mande tout kontraktè pou yo bay prèv asirans anvan yo kòmanse reparasyon yo.
7. Pran prekosyon si domaj la mande pou ou kite kay ou, tankou fèmèn pwopriyete a byen fèmèn ak etenn gaz, dlo, elektrisite, epi kontakte konpayi asirans ou pou bay yon nimewo telefòn kote yo ka kontakte ou.

Pou asistans avèk nenpòt reklamasyon asirans oswa kesyon ki gen rapò ak reklamasyon w lan, oswa pou detèmine si ou kalifye pou medyasyon oswa pou yon evalyasyon san paspouki, kontakte Divizyon Sèvis Konsomatè DFS la nan nan **1.877.693.5236**, oswa sou entènèt nan **www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers**.

Deklarasyon Dwa Reklamasyon Pwopriyetè kay la pa reprezante tout dwa ou genyen anba lwa Florida konsènan kontra asirans ou a. Genyen eksepsyon nan delè yo lè kondisyon yo depase kontwòl konpayi asirans la.

Deklarasyon Dwa Reklamasyon Pwopriyetè Kay la pa kreye yon motif aksyon devan tribinal dwa sivil pa yon moun ki gen asirans polis, oswa yon gwoup moun ki gen kontra yo, kont yon konpayi asirans epi yo pa entèdi yon konpayi asirans nan fè egzèsis dwa li pou repare pwopriyete domaje an konfòmite ak kondisyon nan yon kontra ki aplikab.



— Tasha Carter —

BIWO DEFANSÈ KONSOMATÈ ASIRANS
www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA
Your**FL**Voice@MyFloridaCFO.com

  @Your**FL**Voice